

Pwopozisyon Rechèch Lan

Le Lòpital Tounen Prizon: Manman, timoun, ak fanmi ensolvab ki lopital anprizonnen



Alissa Jordan, PhD (CEE)

Jean-Denis Aureleus, (ADDEF)

Carmelle Moise (MBH)

I. Rezim

Sa se yon plan rechèch pou yon efò kolaboratif pou etidye detansyon lopital de manman ak tibebe andan lopital ak klinik an Ayiti. Kolaborasyon sa incluye Dr Alissa Jordan, yon pòs-doktora nan Center for Experimental Ethnography (an Kreyol, Sant pou Etnografi Eksperimental) nan University of Pennsylvania (CEE), Jean-Denis Aureleus, Prezidan ak Fondatè di Association De Dwa Enfent ak Fanm an Ayiti (ADDEF), ak Carmelle Moise, Fanm Saj ak Manm Konsèy La di MamaBaby Haiti (MBH). Anplis de sa, yon ekip konpoze de Maredel Sen Pierre (chèchè antwopolojik), GJ (yon enfimyè) ak MM (yon travayè lopital) pral fè rechèch, etid ka, ak entevyou ak manman/fanmi/travayè yo.¹ Pou sipò lojistik la, nou pral gen de moun adisyonel sòt oganizasyon ADDEF la. Menm si ke nou ap travay nan yon milye trè diferan pase peyi de Burundi, anpil pat nan plan rapò nou ak plan rechèch nou modle pa estrikti ak objektif nan rapò Julie Klippenberg nan Burundi an 2008, ki se yon rapò kritik sou detansyon lopital mondyal la (Klippenberg 2008)

2. Background

2.1 Egzanp Ka

Nan wotè pandemi COVID-19 la, nan mwa Desanm 2021, yon manman "Noutchie" te mache nan yon sel korido lopital la. Li te konn dòmi sou siman nan korido sa, pandan gad yo ak lòt pasyan yo tap gade li. Lè li te bezwen itilize twalèt la, se gad la pou ba l pasaj, epi li pa t vle fe sa plis pasae 2 fwa pa jou. Noutchie te rive nan lopital misyon la kat mwa anvan, lè l te bezwen fè yon sesaryen. Bebe a te vini 2 mwa anvan lè li, epi lopital te mete li andan kouvis nan seksyon neonatologie nan lopital la. Lè Noutchie antre neonatologie la, li te ka wè plizye lòt manman tap domi deyo nan sitiasyon tre malere. Te gen mouch ki tap poze sou yo. Apre li pale ak lot manman yo, li vin konprann ke lopital pat kite yo soti---te prizonye lopital yo te ye, paske bebe yo dwe anpil kòb pou tout tan yo te pase andan lopital. Noutchie vin konprann sa pral sitiayson pa li tou. Bebe Noutchie te bezwen anpil sipò. "Avek gras bondye" Noutchie di, "Bebe a siviv". Lè l te paret pou soti lopital, administrate yo te fe Noutchie konnen ke li pajan ta kapab soti avek bebe li si li pat peye kob la. Epitou, bebe a te yon prizonye. Se nan men Noutchie li rete, yo pat kite lot moun nan fanmi Noutchie vin cheche li pou li ka rete nan pi bon kondisyon. Chak jou pasyan COVID ta ka vini nan menm korido kote l domi. Chak nwit machin yo tap BIP BIP BIP, moun tap rele a doule, lot pasyan

¹ GJ ak MM se travayè nan sekte swen sante a, epi pou pwoteje idantite yo nou pap itilize non reyèl yo.

nan lot pat lopital tap mouri, epi se nan yon environman konsa ke pitit la pase premye 4 mwa nan lavi li.

Yon jenn gason, Nikolas, rekonèt sitiyasyon Noutchie lè l tap vizite yon fanmi li ki te nan lopital. Li di yon sè li te gen tan pase plizye mwa nan detansyon tou, kek ane pase, nan yon lot misyon anwo a. Li pale ak Noutchie epi li te esplike l ki li te vle fè sa l ta kapab pou ede li avek lot manman ak lot bebe yo. Nikolas kontakte otè rapò sa, epi otè mete li an kontak ak Carmelle Moise, yon fanmsaj nan MamaBaby Haiti, yon sant nesans ak lekòl fanmsaj ki bay swen matènèl gratis. Pandan de ane pase yo, Carmelle Moise tap travay sou pwoblem detansyon an, epi li mete sa kou yon fòkis nouvo di MamaBaby Haiti. Li kontakte Noutchie ak sipò otè yo, epi li komanse travay nan kas li. Li vizite Noutchie epi li te pale ak administratè. Apre sa, MamaBaby Haiti te ranmase kòb pou peye fich la kou sel solisyon yo ta ka jwen pou libere Noutchie. Epi nou ka di ke solisyon sa fasil pou lopital---yo kenbe yo pou kob, yo libere yo pou kob---souf ke yo pa renmen jan moun pale sou lopital le yo vin jwen ke yo kenbe pasyan yo kou prizonye pou fose yo peye. Carmelle konn di ki solisyon pa pefet. Se yon solisyon selman pou moman sa, pou manman ki andan lopital *kounyela*, men sa ki nou bezwen se chanjman sistemik nan peyi a. Jiska jodi a, lopital misyon sa rasanble devan dis oswa douz prizonye chak twa semenn, epi lot gwo lopital kolekte prizonye a yon rat egal. Men gen administratè ladann de institisyon sa yo ki exprime yo vle chanje detansyon lopital la, menm si efò yo (pou egzanp, pou ekri dwa pasyan, pou pataje kontak telefon ak pasyan) pajan gen rezilt.

Men nan fas di praktis tradisyonel de matènite ki rich, ki varye, ki santre sou konfò an Ayiti, detansyon lopital ofri yon kontras dramatik. Pou moun ki ansent ki pa ka pwodwi gwo sòm lajan kach pou konpanse lopital pou swen yo, lopital pral kenbe yo kou prizonye jiska fanmi yo vin peye. Epi sa se yon lot lenjistis. Dèt sa pa tonbe sou dò pasyan, se sou do fanmi ak do kominote li tonbe. Pasyan pa ka soti pou al fè kòb, pou al fè pwomèt, pou cheche lyen. Plizye fwa, sa vle di ke pasyan pou kont yo nan lòpital, nan yon lè nan lavi fanm Ayisyen kote sipò ak prezans fanmi a trez, trez enpotan. Se fanmi li selman ki ka jwen kòb pou libere li. Enben, si li pa gen fanmi? Si li pa gen fanmi, lap fè yon pakèt tan andan. Si fanmi li pa kapab sipote gwo dèt sa, si fanmi li gen lòt gwo pwoblem, yo ka abandone li tou. Pou manman ki gen tibebe ki mouri pandan akouchman oswa pandan kaptivite yo, sitiyasyon sa kite yo soufri tout raj, tout tristez, pou kont yo, deyo sipò fanmi li, deyo swen fanmi li.² Konsa, detansyon lopital dechire fanm sot fanmi li epi sot sistèm kiltirel li jis nan yon moman lè sipò entim sa pi enpotan pou siviv.

Praktis detansyon an afekte manman yo ak tibebe ki fenk fèt yo paske li pa bay yo aksè manje, aksè kominote, aksè dlo, aksè twalèt, aksè rad pwòp, epi tout-twò-souvan, li pa bay yo aksè a swen medikal la apre moun vin dwe anpil kòb. Tout sa prizonye a genyen se bagay li pote ave li, oubyen bagay ki lòt pasyan pataje avèli, oubyen fanmi li pote li bay li. Nan sans sa a, yo tankou nenpòt lòt pasyan nan lopital ayisyen yo, kote manje, twalèt, ak enstalasyon lesiv se yon rarite ekstrèm. Sepandan, kontrèman ak lòt pasyan yo, prizonye dèt yo se foche epi twòp souvan yo pa kapab peye

²

alimantasyon pou tèt yo oswa tibebe yo. Anplis de sa, yo lafòs fèmen nan espas kote yo pap gen okenn aksè a manje, yo pa ka soti pou achte manje pou pwop tèt yo, oubyen pou achte dlo pou kalme swaf dlo a ekstrèm ki afekte manman ki bay tete. Si manman yo pa gen mwayen pou achte li, si manman yo pa gen moun ki ka al deye manje pou li, li pa manje epi bebe a pa manje tou. Tout sa pase nan yon moman lè nouriti trez enpotan, epi bezwen nitrisyonèl yo pi entans, nan lavi manman ak tibebe. An detansyon, lopital kite pasyan siviv selman sou charite lòt pasyan, oubyen sou fè aranjman ak manm fanmi yo, fanmi ki souvan viv byen lwen epi ki souvan okipe ak pwòp depandan yo, epitou lot pitit ak lot depandan manman ki an detansyon an, nan menm tan ke yap travay chak jou pou asire libète prizonye a, nan akèri prè oswa sèvis pwomèt la, ki ka pran plizye semen oubyen mwa pou fanmi ki pa gen assets. A kòz ke manman yo nan sitiwayon sa paske yo pa gen kòb, epi lopital entèdi yo soti pou fè kòb, chay la pou rezoud dèt la tonbe sou fanmi pasyan ak kominote pasyan. A kòz di sitiwayon sa, manman ak fanmi yo souvan rele detansyon lòpital yon "kidnapin", epi yo lonmennen lòpital kou enstitisyon ki renmen kidnape manman ak tibebe Ayisyen an.

Pa egzanzp, gade Naomi. Yon lòt manman ki te akouche nan yon lopital misyon etranje nan Nò Ayiti. Tankou anpil lòt fanm ansent atravè Ayiti, Naomi te vwayaje pou plizye èdtan pou jwen yon klinik ki ta kapab ede li, paske te kle li te bezwen yon sesaryen. Li te pase nan yon seri de klinik piblik ki mal apwovizyone anvan li finalman te jwen yon lopital ki te gen dokte ak sal operasyon pou li. Misyon li jwen, Sacre Coeur, se dirije pa yon konsèy ameriken, avèk tou sipò legliz Katolik la. Li gen yon sant operasyon nan Ozetazini. Nan lopital sa, Naomi te resevwa yon operasyon pou sove lavi li. Apre de jou, yo retire li nan cabann ak chanm li, epi yo mete li nan yon galeri eksteryè kote lot manman tap domi avèk yon gad ki tap veye yo. Lè m 'te pale ak Naomi premye fwa, li te deja nan prizon pou plis pase yon mwa.

Sa ki rive Naomi pa sèlman yo lenjistis, men se yon bagay ki ka koze pwoblem sante a tou, ki mete manman yo nan gwo risk, poutèt yo pa jwen manje, rad pwop, oubyen twalet nan yon moman le demann nouriti yo, ni tibebe yo, ka pi wote pase tout lòt tan nan lavi yo. Pa Ministe Sante ak Popilasyon, 23,6% timoun Ayisyen anba senk ane se rachitik pa malnitrisyon. Le lòpital koonbine grangou manman ak grangou bebe, ak povrete, ak metod kenbe moun sòt prizon yo, yo vyole prensip di dwa moun ki egziste nan kominote entenasyonel yo, men tou yo vyole prensip debaz sou byennèt ki egziste nan sistem tradisyonel la tou. A kòz di eksperyans li nan kaptivite, Naomi te ekspoze a tout lapli, tout mikwob, tout mouch ak ti bebe li. Li esplike m kijan li kontrakte yon maladi ki rele "*fredi*", nan kondisyon sa yo. Li menm ak ti bebe li te siviv, men doulè toujou pesiste nan kò l.

Anpil manman Ayisyen ki pa gen kòb eseye evite detansyon lopital lè yo akouche; plizye ladan yo chwazi pou akouche lakay yo pito pase akouche lopital, kote yo pral vin prizonye pou konbyen mwa si yo pa gen kob pou peye pou operasyon inejans yo. Nan ka fanmi yo, detansyon lopital se yon gwo risk, epi pou evite risk sa yo ka evite entèvansyon klinik la jiska li vin byen grav. Lopital-prizon koze anpil presyon nan relasyon fanm genyen avèk fanmi li, kominote li, avèk ti bebe li. Yonpwosesis

administratif pou ajoute chaj, refize kupon pou doktè yo, ak prizon, fòse realsyon chanje devan fanm yo ak tibebe yo ak fanmi yo. Sitiyasyon sa pa trete manman tankou "moun", mari Noutchie te di nou, men kòm "Esklav" oswa "Bèt", de kalite bagay ki moun kenbe pou kòb, ki kenbe kòm dèt kolateral.

Epitou li koze anpil soufrans pou manman ki deside yo pa vle souffri abi sa nan lopital epi yo akouche lakay yo --- moun ki chwazi pou trete sentòm konsènan lakay olye ke yo fè fas a grangou, disempowerment, ak imilyasyon nan kaptivite dèt. Lòpital fèmen manman yo ak tibebe nan men yo andedan koulwa, patyo, ak sal matènitey yo, epi gad yo (aji pa lòd administratè yo) veye yo pou yo pa deplase, pou yo pa chape tèt yo. Andan lòpital, administratè konn rele moun ki sovè pwòp tèt yo "vòlè;" epitou, yo mete tout kòb pasyan nan dwe sou kont gad yo. Sa vle di ke pasyan nan vole pwopriyete lòpital la epi ki gad la te ede yo fè sa, men vrèman vre sel bagay pasyan yo vole te pwòp kò yo³

2.2 Detansyon Lopital Nan Literati

Lajman ilegal menm si lopital defye lalwa, detansyon lopital se lè lopital pwolonje swen bay pasyan dezespere kòm yon fòm kredi. Lè sa a, aji tou kou yon enstitisyon ki bay swen a kò moun epi yon nstitisyon ki manaje kredi an kò moun, lopital sa yo anprizonnen pasyan kòm yon "sekirite" finansyèl--- menm jan yon enstitisyon kredi ka re pran yon machin oubyen yon kay --- epi yo kenbe moun kou yon sekirite jiskaske dèt la te etabli. Pou moun ki pa gen fanmi, oswa moun ki pa gen fanmi ki ka jwen kòb prete, detansyon lopital la ka dire plizye mwa, oubyen plis pase yon ane.

Moun nan sante piblik mondyal la rele detansyon yon "sekrè ouvè" (Cowgill & Ntatumbe 2019⁴), yon bagay ki moun ki travay nan sekte salid piblik ka konnen, men ki yo pa mansyone a moun ki deyo sekte salid la. Rechech Chatham House⁵ ak Handayani et al⁶ sijè ke lopital detansyon afekte plizye milye manman nan lemonn chak ane. Se konsa, li kle ke pou manman yo ki pi pov, swen sante matenel se yon bagay ki gen de bò: se yon sistem pou geri kò epi yon sistem pou detene kò nan plis pase 42 peyi atravè mond lan. Andan Ayiti, detansyon lopital se yon sistem ki marye espesifikman ak akouchman lopital, epi sistem obstetrik lwès layon, epi maryaj sa se yon bagay ki pa patikilye andan Ayiti---ou ka wè menm modèl andan peyi di Amerik di Sid ni an peyi Ewòp lès la ni an peyi

³ As mentioned later, for deceased patients, corpses are impounded in morgues.

⁴ Cowgill, Karen D., and Abel Mukengeshayi Ntambue. "Hospital detention of mothers and their infants at a large provincial hospital: a mixed-methods descriptive case study, Lubumbashi, Democratic Republic of the Congo." *Reproductive health* 16.1 (2019): 1-15.

⁵ Yates, Robert, Tom Brookes, and Eloise Whitaker. "Hospital detentions for non-payment of fees: a denial of rights and dignity." (2017).

⁶ Handayani, Krisna, et al. "Global problem of hospital detention practices." *International Journal of Health Policy and Management* 9.8 (2020): 319.

Afriken yo (Cowgill & Ntambue 2019⁷; Cheng 2018⁸; Cheng 2018⁹; Cheng 2018¹⁰; Yates ak Whittaker 2019¹¹; Pascal 2018¹²). Envestigatè Maria Cheng (2018¹³), Robert Yates ak Eloise Whittaker (2019)¹⁴, ak Kakudji Yumba Pascal (2018)¹⁵ konekte pratik la ak restriktirasyon sante piblik la ki pase apre akò Bamako te fèt an 1989. Akò Bamako chanje responsablite finansyel di swen sante a, li enstitisyonnalize frè itilizatè nan swen sante yo andan peyi d'Afrik, yon modèl ki rapidman gaye kou yon fwason pou sistèm swen sante yo ka vin plis dirab.

Pandan trant ane ki sot pase yo, detansyon lopital vin efektivman enstitisyonnalize nan sistèm sante mondyal, sitou nan swen sante obstetrik la. Chatham House estime ke pratik sa afekte dè santèn de milye de pasyan chak ane (Yates ak Whittaker 2019). Nan yon revizyon literati ki baze sou laprès lage nan 2020, Handayani et al idantifye 42 peyi kote detansyon lopital se pa sa sèlman enstitiye regilyèman, men kote li te resevwa atansyon pibliye nan medya. Malgre rapò sa, ni rapò Cheng (Cheng 2018¹⁶; Cheng 2018¹⁷; Cheng 2018¹⁸) ak Yates ak Whittaker 2019¹⁹, dirijan òganizasyon sante mondyal yo te rete lajman an silans sou pratik la jiska dènyèmman. Apre ane de presyon, nan Desanm 2020, WHO finalman pibliye yon dokiman sou detansyon lopital ofisyèlman, konfime ke pwoblèm sa se yon pwoblèm mondyal (Clarke et al 2020)²⁰

Kakudji Yumba Pascal travay nan Repiblik Demokratik Kongo. Li eksplikeke detansyon lopital pou dèt vin leve nan enpòtan nan Afrik sub-Saharan apre refòm swen sante neyoliberal yo. Pi enpòtan nan mitan sa yo te "Inisyativ Bamako la", ki te ekri pa WHO a ak UNICEF, epi ki minis sante Afriken adopte an 1989. Yo adopte sa kou lòd pou rezoud pwoblèm finans nan swen sante prensipal.

⁷ Cowgill, Karen D., and Abel Mukengeshayi Ntambue. "Hospital detention of mothers and their infants at a large provincial hospital: a mixed-methods descriptive case study, Lubumbashi, Democratic Republic of the Congo." *Reproductive health* 16.1 (2019): 1-15.

⁸ Cheng, Maria. "AP Investigation: Congo hospitals openly jail poor patients" Associated Press, October 26 2018.

⁹ Cheng, Maria. "Slovak hospitals hold new Roma mothers against their will" Associated Press, December 10, 2018.

¹⁰ Cheng, Maria. "AP Investigation: Hospital patients held hostage for cash" Associated Press, October 25 2018.

¹¹ Yates, Robert, Tom Brookes, and Eloise Whitaker. "Hospital detentions for non-payment of fees: a denial of rights and dignity." (2017).

¹² Yumba, Pascal Kakudji. "De la séquestration des mamans insolubles et leurs enfants dans les maternités des établissements de santé de Lubumbashi: Cas de l'hôpital général Jason Sendwe." *RiA Recht in Afrika| Law in Africa| Droit en Afrique* 18.1 (2016): 78-96.

¹³ Cheng, Maria. "AP Investigation: Congo hospitals openly jail poor patients" Associated Press, October 26 2018.

¹⁴ Yates, Robert, Tom Brookes, and Eloise Whitaker. "Hospital detentions for non-payment of fees: a denial of rights and dignity." (2017).

¹⁵ Yumba, Pascal Kakudji. "De la séquestration des mamans insolubles et leurs enfants dans les maternités des établissements de santé de Lubumbashi: Cas de l'hôpital général Jason Sendwe." *RiA Recht in Afrika| Law in Africa| Droit en Afrique* 18.1 (2016): 78-96.

¹⁶ Cheng, Maria. "AP Investigation: Congo hospitals openly jail poor patients" Associated Press, October 26 2018.

¹⁷ Cheng, Maria. "Slovak hospitals hold new Roma mothers against their will" Associated Press, December 10, 2018.

¹⁸ Cheng, Maria. "AP Investigation: Hospital patients held hostage for cash" Associated Press, October 25 2018.

¹⁹ Yates, Robert, Tom Brookes, and Eloise Whitaker. "Hospital detentions for non-payment of fees: a denial of rights and dignity." (2017).

²⁰ Clarke, David et al. "Ending Hospital Detention for Non-Payment of Fees: Legal and Health Financing Policy Options" World Health Organization. *Health Systems Governance and Financial Policy Note*. 2020.

Inisyativ Bamako a ogmante "dirabilite nan" nan sèvis sante prensipal nan, akòz di yo fè plis kòb pou kont yo/sipote pwop kont yo si yo ekomèrsyalize medikaman, epi si yo aplike frè itilizatè nan lopital ak klinik yo.

Aplikasyon an nan frè itilizatè prezante yon pwoblèm grav pou pasyan pòv yo, yon pwoblèm ki vin patikilyèman entans pandan ijans yo. Youn nan solisyon ke lopital yo te anplwaye --- yon solisyon ke anpil rele sèl solisyon an --- se pou trete pasyan yo an anvan, epi apre yo trete yo, sa yo ki pa kapab peye antre nan detansyon an. Chanjman sa nan salid efektivman fòse fanmi yo ak kominote yo kolekte lajan pou rann pasyan soti nan lopital la. Pou moun ki gen bòdwo yo ki patikilyèman wo, ak fanmi ak kominote ki pa kapab depanse pou yo, manman sa yo, ti bebe yo, ak lòt pasyan sa yo ka pase plizye mwa oswa ane fèmèn andedan lespas klinik yo.

Menm jan lòt peyi yo, toupatou Ayiti, lopital regilyèman anprizonnen pasyan ki fayit ladan, apre lopital trete yo. Sa se yon sel pati de yon pi gwo efò ke administratè fe pou rekipere kòb ki lopital depanse pou pran swen moun lè pasyan Nan pa fonjib. Pou enstitisyon swen sante yo, gen yon gwo presyon pou règle dèt ki gen rapò ak inisyativ mondyal swen sante piblik yo, yon presyon pou fè yon sistem sante ki pi "dirab", ki peye pou pwop tèt li, ak frè itilizatè. Pandan trant ane ki sot pase yo, rechèch antropolojik, legal, ak sante piblik te diskite ke sistèm itilizatè-frè a ka gen konsekans grav pou moun ki pi pòv epi ki pi vulnerab. Yon nan konsekans sa yo se vyolasyon dwa moun, lè lòpital pran swen moun epi yo pa ka rekipere dèt la imedyaman, yo anprizonnen pasyan nan pou fose fanmi li oswa kominote li vin peye dèt la.

Detansyon lopital pa yon pwoblèm ki limite a sèktè sante a ki "kowonpi", oubyen ki egziste nan selman kèk peyi. Li egziste toupatou lemonn, nan plis pase 52 peyi. An Ayiti, rechèch ote yo deja fè montre ke detansyon lòpital se yon pwoblèm endemic ak enstitisyonnalize nan rekiperasyon dèt nan sistem sante Ayisyen an. Li egziste ni nan lopital la ki gen anpil kòb ak anpil resous, ni nan lopital ki kondwi pa ONG, ni lopital AK klinik prive, men yo itilize li tou nan lopital piblik ki regilyèman fèmèn paske yo pa gen ase lajan pou fonksyone, pou peye doktè, oswa pou elektriate.

2.3. Yon Vyolans Kont Fanm epi Yon Vyolans Jeopolitik

Tankou nan lòt pati nan mond lan kote detansyon lopital se nomal, an Ayiti se yon metòd woutin nan rekiperasyon dèt, sitou pou manman ak tibebe ki fenk fèt. Malgre ke chif egzak yo ensèten, Yates ak Whittaker (2018) endike ke yon majorite de pasyan ki nan detansyon lopital latravè lemond se fanm ki fek akouche, sitou sa yo ki sibi sezaryèn ak lòt pwosedi ijans obstetrik lan. Paske tandans sa afekte fanm akablan, epidemyolojis Karen Cowgill ak Abel Ntambue lonmennen detansyon

lopital kòm yon “vyolans sèks”, menm ak oganizasyon sante matenel White Ribbon Alliance lan ki lonmennon li kòm yon poto di derespekte ki egziste pou fanm ki pral akouche atrave lemond.²¹

Ayiti se peyi a ki gen pi gwo pousantaj mòtalite matènèl ak tibebe nan tout peyi de Amerik yo. Kòm yon “vyolans kont fanm” detansyon lopital la mete prèsyon sou yon relasyon devan manman ak sektè medikal la ki deja frajil. Anplis de sa, plis pase 99% nan kòb imanite ki antre Ayiti pa pase sou men Ayisyen oubyen leta Ayisyen, epi pifò nan ONG yo opere deyò sipèvizyon gouvènmantal, epi pi fò lopital misyon yo opere san yon konpreyansyon eksplisit de dwa pasyan oubyen dwa moun, menm si menm volontè oubyen menm ekip dokte yo konn travay an Ozetazini, pou egzanp, kote yo abitye pwolonje dwa eksplisit bay pasyan Ameriken yo. Nan kontèks sa, detansyon lopital se enflije non sèlman kòm yon vyolans kont fanm, men tou kòm yon vyolans ki gen aspè ekonomik, aspè raz, aspè jeo-politik la, epi---a kòz de konbyen lòpital ki detene fanm se lòpital misyon---yon aspè relijye/moral.

2.4. Repons Ofisyèl

Pa gen repons ofisyèl nan detansyon lopital an Ayiti. Le administratè ak lòpital reponn pwoblèm lòpital la, li nomal pou yo “refi, jistifye, ak fè reprezantasyon fo” sou pwoblèm detansyon an, menm jan an peyi di Burundi anvan restriktirasyon sante a nan 2008. Pou egzanp, nan “Haiti Health Network”, yon gwoup entènèt pou administratè ONG yo ak travayè medikal etranje yo ki travay an Ayiti (gwoup la an angle), manm yo te reponn a yon pòs sou dwa pasyan andan detansyon lòpital ak plizye defans di praktis la. Nan tout repons yo, yon sijesyon ki te pi memorab soti nan bouch yon administratè debaz Ameriken ki òganize ekip medikal pou vizite Ayiti soti nan Etazini yo. Li eksprime ke detansyon lòpital se yon bon sistèm pou kreye sante dirab an Ayiti, pou montre Ayisyen ki Ozetazini ka ofri “yon men pou leve yo men pa yon men pou bay yo”. Le otè orijinal la te mande pou klarifikasyon, administratè sa eksplike ke li ta sipòte chanjman nan misyon medikal pa li, si manman yo ta chanje san yo (fè don san yo) an echanj pou libète yo ak tibebe yo. Li menm, ki gen tan pase plis pase 10 ane jere dokte ak mis ak lòt gwoup blan andan Ayiti, ajoute sa kou yon bon soulajman pou pwoblèm nan nan lòpital ONG kote li jere volontè yo. Tale a, pòs la te fèmen sou fowòm lan ak pa administratè gwoup HHN.

Nan pifò nasyon, pratik sa se ilegal. Pifò nasyon garanti ke se Eta selman ki gen souverèn nan zafè sispann dwa fondamantal moun nan, tankou arestasyon. Sepandan, li mèt ilegal kou yon fòm di arestasyon deyo lalwa, men pifò nasyon pa ranfòse lalwa sa nan sistèm swen sante. Men gen kèk peyi ki reponn pwoblèm sa ak ranfòse lalwa, epi pase lot lòd toujou pou montre ke praktis sa pa aksetab devan lalaw, kou Burundi. Nan Burundi, Prezidan Pierre Nkurunziza te pibliye yon entèdiksyon

²¹ Cowgill, Karen D., and Abel Mukengeshayi Ntambue. "Hospital detention of mothers and their infants at a large provincial hospital: a mixed-methods descriptive case study, Lubumbashi, Democratic Republic of the Congo." *Reproductive health* 16.1 (2019): 1-15.

eksplisit sou pratik la nan 1 me 2006. Sa deklare ke gouvènman an Burundi ta bay swen sante gratis pou fanm ak timoun ki poko gen senk an. Pandan 2006-2011, Burundi finansman restriktire swen sante matènèl ak timoun yo nan nasyon an, ak reòganize kòb entènasyonan ki antre peyi a.

Konsa, nan peyi Filipin, yo pase yon lwa tou. Lwa sa rele RL 9439, "Lwa a ki entèdi detansyon an nan pasyan nan lopital ak klinik medikal sou teren nan peman nan bòdwo lopital oswa depans medikal"²². Zak sa a penalize administratè ak pèsònèl hospital ak prizon pou 1-6 mwa, si leta jwen jwenn yo koupab de kenbe pasyan pou rezon finansye. Sepandan, nan plas pou kenbe pasyan kòm garanti, enstitisyon medikal yo gen dwa kenbe dosye medikal ak divilge dokiman jiskaskè pasyan yo oswa manm fanmi yo prezante yon ipotèk-garanti nòt òd nan lopital la. Nan ka pasyan ki mouri ki gen kò l lopital, lè lopital kenbe dokiman sa, li koze pwoblèm pou lanmò ka vin antere'. Anplis de sa, lalwa 9439 la pa kouvri pasyan ki nan chanm prive, se sèlman moun ki fèt nan zòn komen nan lopital la ki kouvri pa lalw.

Nan sikwi sante piblik Ayisyen an, li se yon reyalyte ke manman ak tibebe gen move rezilta an/apre akouchman konpare ak tout lòt nasyon nan emisfè oksidantal la. Men, tankou anpil lòt kote nan glòb la kote pratik di detansyon enstitiyè nan sistèm sante a, pa gen okenn rechèch sistematik sou sijè detansyon. Menm ka menm, gen anpil rechèch abondan sou sante matènèl, pèsepsyon lopital, ak baryè ki anpeche fanm bay nesans an lopital an patikilye. ADDEF te travay pou mete fen nan silans sa a epi fè limyè sou pratik enstitisyonèl detansyon, enpak yo, ak chemen nan direksyon pou chanjman. Jean-Denis Aureleus se yon òganizatè kont detansyon lopital an Ayiti nan ADDEF Asosyasyon Pou Defans Dwa Enfent ak Fanm an Ayiti (ADDEF) Ayiti. Gen pratik nan prizon fòse dèt ki afekte manm nan pwòp fanmi li, ak fanmi nan pratikman tout moun li konnen. Kòm pwojè bato li yo, ADDEF te konsantre sou envestige ka detansyon lopital atravè Ayiti, e li anvi jenere sistematik pwoteksyon nasyonan nan pwoblèm nan. ADDEF te pibliye yon deklarasyon ofisyèl sou pratik la jan sa a:prembòl

Ann konsidere Deklarasyon Inivèsèl sou Dwa Moun. Espesyalman soti nan premye atik la jiska atik 7. "Addef haiti" (ki se Asosyasyon pou defans dwa timoun ak fanm nan ayiti) ke genyen anpil nan lopital prive yo an ayiti ki gen abityid kenbe moun an kaptivite ou an detansyon. Sa fè moun sa yo pèdi tout libète ke yo ta genyen pou yo viv kom moun an rezon ke yo paka peye frè lopital sayo mande yo pou yo peye swa frè matènite swa frè pou lot koz de maladi ke moun sa te truve lopital la. Moun sa yo non selman lopital la kon kenbe yo an kaptivite ki prive yo de tout libète yo men yo sibi tout sot dimilyasyon tou devan zye tout lot moun. Konsa "addef ayiti" kondane dejan de pratik sa yo an rezon de non respè konstitisyon Ayisyen an ak dwa moun ke deklarasyon inivèsèl dwamoun mande pou nou respekte atravè le mond se paske se ayiti pou bagay sa yo ap pase kote moun ap sibi de jan de move tretman sayo nan lopital ki la pou bay moun bon jan swen de sante epi se yo kap bay moun move tretman sayo epi difè ke se ayiti pèsòn pa di anyen. Nou menm nan addef ayiti nou la pou nou defann dwa tout moun genyen pou viv kom moun pou rezon sa nou kondane de jan de zak

²² Republic Act No. 9439. Republic of the Philippines. Passed Monday 2007.

baba sayo ke popilasyon ayisyèn nan ap sibi nan lopital. Nou mande ak tout enstans ke sa konsène pou nou pote lamen fòt pou ke nou rive mete fren ak jan de pratik sayo ke moun ap sibi nan sèten lopital an ayiti. Majorite nan popilasyon ayisyèn nan pap travay yo pa gen ni asirans sosyal ni asistans sosyal sa kap travay la gen anpil nan yo se an pati asirans kouvri pou yo. Konsa majorite moun nan popilasyon Ayisyèn nan paka repon ak ekzijans lopital fè moun an Ayiti donk pou rezon sa ya nou ta renmen nou jwen yon solisyon pou mete fren ak jan de pratik sa yo an Ayiti

Kòm deklarasyon Jean Denis Aurelus la sije, detansyon lopital vyole Deklarasyon Inivèsèl sou Dwa Moun, yon dokiman ke Ayiti te siyen nan ane 1980 yo, men tou li vyole dwa ak atik ki garanti andan Konstitisyon Ayisyen an. Pou nonmen kèk, Atik 24 garanti ke "Leta anchaje pwoteje libète chak moun." epi Atik 24-1 garanti ke "Yo pa gen dwa ni al dèyè yon moun, ni arete l, ni mete l nan prizon, san se pa pou yon rezon lalwa prevwa, ak jan lalwa di sa dwe fèt." (Atik 24-1). Atik 24-2 ak 24-3 garanti ke lapolis oubyen moun leta ka selman arete moun si yo gen yon manda nan men yo. Manda sa dwe gen ladan plizye lòt bagay, men pou bagay ki enpotan lè nou konsidere detansyon lopital, li bezwen gen detay sou krim ekrit ladan, an franse ni an kreyòl, epi li dwe gen ladan enfòmasyon ke moun "gen dwa pran avoka, depi kòz la kòmanse, jistan jijman an fini".. Nan evènman ke e pa posib pou prezante manda sa, pou egzanp si otorite oubyen lot sitwayen bare yon moun lè yap fè yon krim, Atik 26 garanti ke moun nan pa ka rete plis pase 48 èdtan san parèt devan yon jij ki pral fè desizyon sou legalite arestasyon an (Atik 26): "Lè yo arete yon moun, yo pa gen dwa kenbe l nan prizon plis pase karantuit (48) èd tan depi yo te arete l la, san yo a mennen l devan yon jij. Jij la va deklare si yo te arete moun nan legal, e li va bay bon rezon ki fe li deside, se pou yo kenbe moun nan."

Atik konstitisyonèl sa yo ta sanble enpòtan pou nou konsidere pwoblem de detansyon lopital an Ayiti. Menm nan evènman ézitan ke lopital di ke yap bare pasyan nan menm moman yo tap fe krim (krim de soti san yo pa peye), konstitisyon an preskri ke fò moun nan aparet devan yon jij anvan 48 edtan fini. Anplis de sa, kòm yon fòm de lajistis "prive", detansyon lopital gen pou fè ak Atik 45, " Se lalwa sèlman ki gen dwa di ni ki pinisyon yo prevwa pou yon zak, ni nan ki ka ak nan ki kondisyon yo dwe aplike pinisyon sa a." Menm si bagay sa ekri nan Konstitisyon an, li kle ke administatè ki detene moun pa patisipe ladann sistem ki deja ekri pou detene moun: yo pa rele okenn otorite pou fè yo konnen yap kenbe moun, epi yo pa kite moun aparèt devan jij. Sa vle di, lopital pran dwa moun san yo pajanm pale ak lòt otorite--moun nan pa ka deplase, moun nan pa ka vote, moun nan pa ka aji kòm sitwayen ak dwa. Poutèt tout sa, nou ka di ke fòm lajistis ke egzekte andan lopital se diferan ak fòm ki egziste deyo lopital; e a kòz diferans sa ke entelektyel Kakudji Yumba Pascal rele lajistis lopital yon kalite lajistis "vijilan" ki mine souverènte a de Eta a (Pascal 2018).

3. Kontribisyon Pwoje a a Rechech Matenel

Jodi a, gen sèlman 5 piblikasyon akademik sou detansyon lopital ki sòti nan rechèch prensipal sou pwoblèm lan, epi pa gen okenn rechèch nan sa an Ayiti jodi a. Li enteresan pou rekonèt ki de atik nan sa yo ki deja fet soti nan menm inivèsite a, Inivèsite Lubumbashi nan Repiblik Demokratik Kongo. De chèchè yo tap travay separeman, ak Kukudji Yumba Pascal ki te fè rechèch legal, istorik, a bioetik, sou detansyon lopital ak Abel Ntambue ofri egzanp rechèch esansyèl ak analiz pou konprann pwoblèm lan nan detansyon lopital nan kontèks mondyal la.

Associated Press repòtè ak editè sante Maria Cheng te travay avèk pasyan nan detansyon lopital ak administratè lòpital yo nan Kenya, Kongo, Slovaki, Bolivi, Malezi, ak Filipin (Cheng 2018²³; Cheng 2018²⁴; Cheng 2018²⁵). Li travay sou detansyon lopital kòm yon pwoblèm entènasyonal, yon karakteristik nan sante medikal ak finans medikal ki base nan frè. Travay li rele atansyon sou dezakò ki genyen ant silans sistematik sou pwoblèm nan pou oganizasyon nan sante mondyal.

Nan yon sondaj sante matènèl ki te fèt pa Alissa Jordan nan rejyon Arcahaie nan 2014, fanmi yo rapòte ke prèske youn nan kat bebe yo te mouri anvan yo rive nan laj 3, (24.7%, n = 72). Nan youn sou 150 nesans, manman mouri (Jordan 2016²⁶). Nasyonanman, plis pase 67% di akouchman fet andeyò lopital oubyen klinik yo, epi rechèch sante piblik la idantifye ke fanm pa gen “aksè” a swen medikal ak entèvansyon obstetrik la epi sa se yon faktè prensipal nan move rezilta ki fanmi ayisyen yo kontre apre akouchman an konparasyon ak lòt peyi (Cayemittes et al 2013²⁷). Pou konprann pwoblèm sa a, plizye chèchè eksplòre ki sa espesifikman ki barye fanm ansent akouche an lòpital (egzanp.eg. Ambitor 2013; Cianelli et al 2014²⁸; Gage 2018²⁹; Jacobs 2016³⁰; White et al 2006³¹;

²³ Cheng, Maria. “AP Investigation: Congo hospitals openly jail poor patients” Associated Press, October 26 2018.

²⁴ Cheng, Maria. “Slovak hospitals hold new Roma mothers against their will” Associated Press, December 10, 2018.

²⁵ Cheng, Maria. “AP Investigation: Hospital patients held hostage for cash” Associated Press, October 25 2018.

²⁶ Jordan, Alissa. 2016. “Atlas of Skins: Becoming Persons, Becoming Werewomen, Becoming Zonbi in a Haitian Vodou Courtyard.” University of Florida Dissertation. Department of Anthropology.

²⁷ Cayemittes, Michel, et al. “Enquête mortalité, morbidité et utilisation des services (EMMUS-V): Haïti 2012.” Calverton, MD: Measure DHS, ICF Macro (2013).

²⁸ Cianelli, Rosina, et al. “Maternal–child health needs assessment in Haiti.” *International journal of applied science and technology* 4.5 (2014): 30.

²⁹ Gage, Anna D., et al. “Does quality influence utilization of primary health care? Evidence from Haiti.” *Globalization and health* 14.1 (2018): 1-9.

³⁰ Jacobs, Lee D., Thomas M. Judd, and Zulfiqar A. Bhutta. “Addressing the child and maternal mortality crisis in Haiti through a central referral hospital providing countrywide care.” *The Permanente Journal* 20.2 (2016): 59.

³¹ White, Kari, et al. “Health seeking behavior among pregnant women in rural Haiti.” *Health care for women international* 27.9 (2006): 822-838.

MacDonald 2018³²; Barnes-Josiah 1998³³; Raymonville 2019³⁴; Shaffer 2007³⁵; Gage & Calixte 2006³⁶; Babalola 2014³⁷). Sòt rechrech sa, yo idantifye “povrete” ak distans (egzanp “katye povwete” nan Gage & Calixte 2006³⁸; “povrete nan kay la” nan Babalola 2014³⁹) kòm pi gwo pwoblèm ki bare aksè a swen sante pou fanm ki pral akouche. Epi se vre ke manman Ayisyen nan Arcahaie konn di yo pa ka ale nan lopital paske yo pa kapab peye li, paske distans la gwo. Men, se vre tou, pa pèspektiv manman pòv yo ki fè fas ak detansyon lopital kou Noutchie ak Naomi, ke e pa selman gourdes ke lopital la chaje, se vyolans detansyon an, se grangou, se izolasyon.

Lè nou konsidere literati sou swen sante matènèl ayisyen an, nou sijere ke nosyon de “baryè ekonomik” tankou “povrete” kache kek bagay menm jan li revele kek bagay. Li rann pi gwo baryè ki manman genyen ak akouche nan lopital kou yon pwoblèm endividyèl--- ekonomi nan kay la olye ke yon pwoblèm medikalize, vyolans sèks ki pare pou ranfòse manman ak fanmi ayisyen pa restriksyon sou libète debaz yo. An jeneral, pou manman ki pi pòv yo, se pa enkapasite pou peye ki anpeche yo chèche swen, ni menm se pè yo pe sa ki pral pase ladann lopital si yo pa ka peye. Pou Likna, Noutchie, ak anpil lòt moun, risk pou yo antre nan detansyon lopital gen ladan li pwoblèm ekonomik, men li depase enkyetid ekonomik tou. Olye de sa, yon baryè pwofon se ke konsekans de pa peye a lou. Li koute chè le ou pa ka peye. Li koute libète moun.

Lè lopital trete pasyan yo kou prizonye, oswa anpile kadav moun ki mouri yo, yo vyole pwoteksyon legal ki egziste deja pou dwa moun an Ayiti anba Konstitisyon an (ak nan kominote entènasyonal). Li twoublan ke metòd prensipal pou jere dèt foche andan lòpital an Ayiti se pou konstwi yon sistèm kote swen medikal melanje ak estrateji anprizonman, epi ke vyolasyon libète moun nan prezante pwop tet li kou sel solisyon ak pwoblèm finansyel yo. Lè lòpital melanje swen sante a, vyolasyon dwa moun nan, ak estrateji prizon, yo kreye plis pwoblèm pou yon pep ki deja manke konfyans nan sistèm sante a, sitou nan sistèm sante matènèl la. Nou enterese konprann ki empak ki genyen lè lòpital trete swen sante ak estrateji prizon kòm 2 metòd ki konpatib nan swen sante a, epi kisa ki espesyalman konpatib nan melanj sa nan swen sante matènèl la. Menmsi detansyon pasyan an se yon

³² MacDonald, Tonya, et al. "The fourth delay and community-driven solutions to reduce maternal mortality in rural Haiti: a community-based action research study." *BMC pregnancy and childbirth* 18.1 (2018): 1-12.

³³ Barnes-Josiah, Debora, Cynthia Myntti, and Antoine Augustin. "The "three delays" as a framework for examining maternal mortality in Haiti." *Social science & medicine* 46.8 (1998): 981-993.

³⁴ Raymonville, Maxi. *Barriers and Facilitators Influencing Facility-Based Delivery in Rural Haiti: A Mixed Method Study With a Convergent Design*. Diss. Harvard University, 2019.

³⁵ Shaffer, Stan, et al. "Improving Maternal Healthcare Access and Neonatal Survival through a Birthing Home Model in Rural Haiti." *Social Medicine* 2.4 (2007): 177-185.

³⁶ Gage, Anastasia J., and Marie Guirlène Calixte. "Effects of the physical accessibility of maternal health services on their use in rural Haiti." *Population studies* 60.3 (2006): 271-288.

³⁷ Babalola, Stella O. "Factors associated with use of maternal health services in Haiti: a multilevel analysis." *Revista Panamericana de Salud Pública* 36 (2014): 1-09.

³⁸ Gage, Anastasia J., and Marie Guirlène Calixte. "Effects of the physical accessibility of maternal health services on their use in rural Haiti." *Population studies* 60.3 (2006): 271-288.

³⁹ Babalola, Stella O. "Factors associated with use of maternal health services in Haiti: a multilevel analysis." *Revista Panamericana de Salud Pública* 36 (2014): 1-09.

vyolasyon nòm konstitisyonèl ak deklarasyon dwa moun, plizye administratè lòpital andan Ayiti ensiste ke yo pa genyen okenn altènativ pou rekipere depans lopital yo (atravè de detansyon lòpital). Konsa, rapò nou pral fè pral bay enfomasyon vital sou enpak detansyon an nan lavi manman ak tibebe (enpak sante a ni enpak pesonèl an), ensidans de detansyon andan peyi d' Ayiti, altenatif a detansyon atravè sektè sante a, kad legal ki gen pou fè ak detansyon ak dèt, epi yon konparezon entènasyonal, pou nou ka wè pwoblem nan ak solisyon potansyèl yo pi kle.

Li klè ke gen yon bezwen pou pi byen konprann ki jan detansyon lopital fe enpak sou sante matènèl ak sante tibebe a, oswa ki enpak detansyon lopital genyen sou desizyon swen sante an jeneral. Travay nou pral fè se pou konpran kijan risk de detansyon nan lopital afekte desizyon manman pou akouche lakay, oubyen pou cheche sante matènèl nan lòt fwason.

3.1 Objektif pwojè pwopoze a se pou pwodwi yon rapò nasyonal sou detansyon lopital an Ayiti ki:

- 1) dekri pèsèpsyon, eksperyans, ak enpak detansyon lopital sou manman Ayisyen, ak fanmi Ayisyen ki gen tan pase tan andan detansyon lopital la, epi ak travayè lòpital ki konn wè detansyon an. Nou pral sèvi avèk rechèch/entevyou oral (ak metòd istwa oral etnografic la pa fè entevyou la) .
- 2) idantifye modèl enstitisyonèl ak rerejyonal pou detansyon nan klinik ak lopital an Ayiti
- 3) idantifye ak evalye repons enstitisyonèl a detansyon lòpital atrave sistem sante ki egziste an Ayiti, ni nan klinik ONG, ni nan klinik prive, ni nan sistem piblik lan.
- 4) Kalkile enpak finansyel di pasyan razè nan enstitisyon swen sante ki egziste an Ayiti, ni nan klinik ONG, ni nan klinik prive, ni nan sistem piblik lan.
- 5) Idantifye ak evalye estrateji ltènatif ki deja egziste nan kek klinik pou jere dèt san itilize detansyon lòpital.
- 6) Klarifye lalwa ak desizyon legal ki gen rapò ak dèt la, fayit, detansyon, ak dwa pasyan an Ayiti
- 7) Konpare detansyon lopital an Ayiti ak detansyon lopital entènasyonalman
- 8) Fè rekòmandasyon bay biwo gouvenman Ayisyen ki gen pou fè ak swen sante, dwa fanm, dwa timoun, an Ayiti, epi pou bay lot enstitisyon ki bay swen sante an Ayiti .